Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 54 (9792) / 10 декабрь 2018 с. / итни 3 Рабби ас-сани 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***День Конституции – один из значимых государственных праздников России, он отмечается в нашей стране ежегодно 12 декабря. В этот день, в 1993 году, всенародным голосованием, в нашей стране была принята Конституция Российской Федерации. Полный текст Конституции был опубликован в «Российской газете» 25 декабря 1993 года. С 1994 года, согласно указам президента России («О Дне Конституции Российской Федерации» и «О нерабочем дне 12 декабря»), день 12 декабря был объявлен государственным праздником.***

## Поздравляем!

**Конституция –не просто закон, она определяет саму суть, основу нашей жизни во всем её многообразии, гарантируя нам то, что мы сегодня и завтра будем свободны! Это наш общий праздник.**

**Поздравляем вас с Днём Конституции России, желаем вам здоровья, счастья и гордиться тем, что живете в великой державе.**

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.***

***День Конституции Российской Федерации не просто официальный праздник, но и памятный день принятия документа, благодаря которому сегодня мы с гордостью называем себя россиянами, можем трудиться, мечтать, жить свободно и справедливо.***

***Поздравляю вас с Днем Конституции!***
***Желаю вам здоровья, счастья, мира и благополучия.***

***Депутат НС РД М.-п. (К.-п.)Д. УМАХАНОВ.***

**15 лет прошло с тех пор, как была принята Конституция Российской Федерации. Когда меняется Основной закон страны, меняется и ее жизнь…**

**Поздравляю вас с этим всенародным праздником! Пусть всегда и всюду вас сопровождают успех, вдохновение и хорошее настроение!**

***Секретарь политсовета Казбековского местного отделения ВПП «Единая Россия» Д.Г.МАХАЧЕВ.***

## На встрече с победителями конкурса...



1 декабря в историческом парке **«Россия – моя история»** состоялась встреча главы нашего района Гаджимурада Мусаева и врио главы г. Махачкалы Мурада Алиева с членами клуба **«Мой Дагестан»,** сформированного из числа финалистов и победителей одноименного конкурса кадрового резерва.

Встреча проходила в формате диалога, где **«резервисты»** представили свои предложения по решению стоящих перед городом проблем, по некоторым направлениям из которых были представлены готовые пути выхода из ситуации. В частности, на экспертной площадке были презентованы варианты по совершенствованию методики проведения конкурсных процедур отбора на должность главы муниципалитета, совершенствованию структуры жилищно-коммунального комплекса и модернизации инженерных сетей, повышению инвестиционной привлекательности и активного включения бизнес-структур в реализацию городских проектов, увеличению налоговой базы, улучшению архитектурного облика столицы и упорядочению строительного сектора, инвентаризации и рациональному использованию муниципального имущества и земельных ресурсов и др.

Гаджимурад Мусаев поздравил резервистов и уже назначенных на руководящие должности победителей и призеров кадрового конкурса и пожелал им дальнейших успехов. Он говорил с управленцами о возможностях государственно-частного партнерства, которое практикуется на территории нашего района и значительно способствовало социально-экономическому развитию. За последние три года в районе запущено и успешно функционируют более 15 социально-значимых объектов в сфере промышленности и сельского хозяйства, спортивные сооружения. Два детских садика работают на основе государственно-частного партнерства. Кроме того, владельцы личных подсобных хозяйств перевели категорию деятельности на индивидуальное предпринимательство. Все это в совокупности позволило увеличить доходы районного бюджета за три с половиной года с 63 до 109 миллионов в 2017 году, что снизило дотационность и способствовало решению некоторых экономических проблем муниципалитета.

Мусаев считает, что инициированный руководством республики кадровый конкурс для формирования резерва управленческих кадров способствовал выявлению новых талантов, так необходимых сегодня Дагестану. Из общения с конкурсантами глава отметил несколько конструктивных идей, которые намерен воплотить в жизнь на территории нашего района. А в новом году в муниципалитете возможно проведение конкурса в подобном формате.

В рамках мероприятия руководитель муниципалитета пообщался с уроженцем с.Дылым Усманом Ахмедовым. Он стал победителем республиканского конкурса и назначен начальником отдела развития коммунального комплекса в министерстве строительства республики.

***ПРЕССЛУЖБА.***




## 9 декабря-День героев Отечества

**В России 9 декабря отмечается День героев Отечества. Памятная дата была установлена в 2007 году, после того, как президент РФ Владимир Путин 24 декабря 2007 года внес изменения в федеральный закон "О днях воинской славы и памятных датах России".**



**Унеб буго 2019 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие «Чапар» газета хъваялъул кампания. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда**

***Багьа- 286гъур.***

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*Ришватчилъиялде данде къеркьей*

# ТIолазго къабул гьабуна

Ахирияб заманалда нилъер пачалихъалда к1вар кьолеб буго ришватчилъи т1аг1инабиялде ва гьеб гьукъиялде.

Нилъеда лъала гьединал такъсирал ишал гьариялдалъун г1емераб давла жидее щварал г1адамазул ккараб къисмат.

Ришватчилъи ккола инсанасулъ ругел бищунго сурукъал ва нахъег1анал пишабазул цояблъун. **«Россиялда коррупция лъугьун буго системаялъулаб проблемалъун ва гьелъие нилъеца кьезе ккола мустах1икъаб жаваб.**

**Ришватчилъи ккола х1укуматалда цере «бег1ерго» ч1арал суалазул цояблъун ва гьеб лъугьуна бокьараб пачалихъалъе х1инкъи бугеблъун.**



**Ришватчилъиялъ т1убанго хвезабула мухъилал гражданазул власталдехунисеб бербалагьи ва божилъи»**-ян абуна Д. Медведевас.

Гьай-гьай, Дагъистаналда, тухумчилъиялдагун такъсирчилъиялда ва **«бахчуда»** бугеб экономикаялда цадахъ, **«т1егьан»** бач1ана ришватчилъиги.

Цересел соназ Дагъистаналде щварав Президент В.В. Путинил пикруялда рекъон, нилъер гьанир руго - ц1ик1к1араб къадар х1алт1и гьеч1езул, ришватчилъи, пачалихъияб управлениялъулъ системаялъулаб форма хиси ва гьеб кинабго кколеб буго терроризм т1ибит1иялъе мугъч1вайлъун.

Гьаб заманалда гьеб т1аг1инабиялда сверухъ гьарулел руго г1емерал х1алт1аби, унел руго ц1ех-рехал, амма жеги довго Муса добго хуриса г1емер рик1к1алъун гьеч1о.

28 ноябралда районалъул культураялъул Централда т1обит1ана **«Рит1ухъаб Россия»** партиялъул бак1алда бугеб отделениялъе нухмалъулез, ришватчилъиялде данде къеркьей чучлъизе биччангут1и мурадалда, **«Гургинаб» стол.**

Гьенире г1ахьаллъана-районалъул бет1ерасул кумекчи Гьайирби Гьайирбиев, районалъул прокурорасул кумекчи Шамиль Мух1амадов, ОМВДялъул ц1ех-рехазул отделалъул начальник Шарип Султанов, районалъул рагъулгун зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби М-Х1абибов, Жамг1ияб палаталъул председатель Х1ажи Адимирзаев, «**Дилим росдал г1олилал»** г1уц1иялъе нухмалъулев Ражаб Лат1ипов, Централияб библиотекаялъул директорасул заместитель М-х1абиб М-х1абибов, лицеялъул ч1ах1иял классазул ц1алдохъаби ва росабазул библиотекабазе нухмалъулел.

Гьеб данделъи т1обит1улезул мурадлъун бук1ана г1олеб г1елалда ришватчилъиялъ кьолеб зарал, умумузул заманалда гьеб бук1инч1еблъи ва гьеб сурукъаб иш бугеблъи бич1ч1инаби.

К1алъазе рахъараз тадбиралъул г1ахьалчаг1азе, г1ат1идгьабун, бицана ришватчилъиялде данде къеркьей щивасда т1адаб иш бук1ин ва ришватчаг1и, дур-дир рат1а гьарич1ого, кват1ир ч1вазаризе кколел рук1ин.

Гьединго, гьениб бицана гьеч1еб рит1ухълъиялъул, г1арац кьун гурони т1уралел мурадазул, щолареб х1алт1иялъул ва ришватчилъигун къеркьеялъулъ дандч1валел зах1малъабазул.

Данделъи г1уц1араз ч1ванкъот1арал жавабал кьуна ц1алдохъабазул суалазе. Гьенир рорхарал суалал х1исабалде росана ва х1укму гьабуна щибаб кварталалъ ришватчилъиялде данде къеркьеялъе гьабураб х1алт1Iиялъул хIасилал гьаризе.

***ХI. КАРИМОВА.***

# Ниж – батIи-батIиял, амма –ращадал

Гьединаб ахIиялда гьоркь, 4 декабралда реабилитационнияб Централда тIобитIана сакъатазул Къоялъул хIурматалда рохалилаб данделъи.

Гьенире гIахьаллъана – РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. Д. ГIумаханов депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. М. Гьирисханов, **«Цогояб Россия»** партиялъул бакIалда бугеб отделениялъе нухмалъулев С.ХI. Алтумирзаев, Хасавюрт шагьаралдаса нилъер ракьцоял: Нуридин ПIумаров, Нуцал Нуцалов, **«Казбекалъул гIолилал»** гIуцIиялъе нухмалъулев А.А. Иманшапиев, канлъи дагьазул общественоялъул председатель М.А. Абулаев, районалъул имам АхIмадрасул Качалаев, жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъан М. Темирбулатова, **«Маргьа»** лъималазул ахалъе нухмалъулей Х. МухIамадова, МФЦялъе нухмалъулей Р. ХIайбулаева, культураялъул Централъул директор З. МухIамадова, гIемерал цогидалги жавабиял хIалтIухъаби, сакъатал лъималазул умумул.



Гьенир кIалъазе рахъарал, Гъ. Гьирисхановас, С. Алтумирзаевас, А. Иманшапиевас, А.-р.Качалаевас, Н. Нуцаловас, Д. Хаджимурадовас, Х. МухIамадовалъ, Л. Имамирзаевалъ, З. Султанбековалъ, Г. Ильясовалъ, Н. МухIудиновалъ, Р. ХIайбулаевалъ, М. Темирбулатовалъ, М. Абулаевас гьеб идараялъул коллективалда баркана сакъатазул къо. Гьарана гьезие щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва хIалтIулъ жеги чIахIиял бергьенлъаби.

Данделъиялъул гIахьалчагIазул ракIал хIайран гьаруна **«Ниж-матрешкаби»** гьитIичазул ансамблялъул церерахъиналъ, гьитIинав Рамазаница **«Баркала, эбел»** абураб темаялда гьабураб кIалъаялъ, Султанбег Султанбековас, Салатавиялде рикIкIараб кечIалъ, гьитIичазул коллективалъ, ахIарал кучIдуз ва гьарурал кьурдабаз.

Гьединго, гьеб байрамалда кучIдул ахIана Лайла ва Руслан Имамирзаевaз. Централъул гьабулеб тIалабалъухъ, директор Фатима Султанмурадовалъ рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабуна М.-паша ПIумахановасе, ХIажимурад Мусаевасе, АхIмад Иманшапиевасе, Раисат ХIайбулаевалъе ва цогидазеги.



Гьелъ, централъул рахъалдасан, Х1. Мусаевасе ва М.-п. Г1умахановасе сайгъат гьаруна тарбиячаг1аз ххамида угьарал т1угьдузул суратал.

Данделъи махщалида бачана ва гьеб тадбиралъул гIахьалчагIазул ракIал рохизарулеб кечI ахIана лицеялъул мугIалим Эльмира ПIалимхановалъ.

Гьенир сакъатал лъималазе къиматал сайгъатал кьуна М.-паша ПIумахановас, гIарцулал шапакъатал - райадминистрациялъ.

Дун ва дида цадахъ рук1арал разилъана гьеб тадбир гIуцIиялда, гьитIинаб коллективалъул кIудияб гьунаралда, гьезул гъункиялда ва жидеца, битIараб тарбия кьун, гIумрудул нухда регIулел лъималаздехун гьезул бугеб рокьиялда, гурхIел-рахIмуялда, хIалимлъиялда, хIалтIудехун бугеб гьира-шавкъалда.

Данделъиялъул ахиралда Гъ. Гьирисхановас централъул коллективалде хит1аб гьабуна Ф. Султанмурадова пачалихъалъул т1адег1анаб шапакъаталъе мустах1икъай йиги ва, гьелда бан, райадминистрациялде кагъат хъваян.

***М.П. ЧУПАЛАЕВ.***

# «ГIурччинаб километр» акция



Республикаялъул бетIер В. Васильевасул бихьизабиялда рекъон ва Дагъистаналдаго лъазабураб **«ГIурччинаб километр»** акциялъул рахъ ккун, **«Салавюрт-спорт»** жамгIияб гIуцIиялъул гIолохъабаз Кавказалъул канил гъутIби чIана жидецаго бараб спортивияб площадкагун футбол хIалеб бакIалда сверухъ ва гьел сеткаялъ сверун къана.

Гьеб хIалтIи гьабиялъулъ жигарчилъи бихьизабуна Рауп Султанмурадовас, Марат БолоцIилаевас ва Батир ХIайбулаевас.

***ПРЕССЛУЖБА.***

***Конкурсал***

## «ЛъагIалил учитель -2019» конкурс

Лъалеб букIахъе, щибаб соналъ тIобитIула ТIолгороссиялъулаб **«ЛъагIалил учитель»** конкурс. Гьеб гIуцIаразул пикруялда рекъон, конкурс тIобитIиялъул мурадлъун кколеб буго махщел тIокIал мугIалимзаби тIатинари, гьезул хIалбихьиял тIиритIизари, мугIалимасул хIалтIул къимат борхизаби, лъикI хIалтIулезул рахъ кквей ва гьезул цIарал рагIинари.

Гьай-гьай, гьеб конкурс циндаго гуреб Россиялъул даражаялда тIобитIулеб. Гьелъие байбихьи лъола росабалъ, районазда, шагьаразда, зонаялда ва гь.ц.



Районалда тIобитIулеб конкурсалъул этапалда гIахьаллъана районалъул 9 лъайкьеялъул учреждениябаздаса мугIалимзаби. КIиго бутIаялдасан гIуцIараб гьеб конкурсалда бергьенлъи босана Дилим росдал гимназиялъул мугIалим (биолог) ХIава Билаловалъ.

КIиабилеб бакIалде ячIана Ленинаулалъул №1 гьоркьохъеб школалъул мугIалим (географ) Хава Асанова, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Хубар росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалим (математик) МухIудин МухIамадов. Бергьенлъи босарай ХIава Билалова гIахьаллъизе йиго 26-27 декабралда нилъер районалда тIобитIизе бугеб зоналияб конкурсалда.

Призалъулал бакIал ккуразе, лъайкьеялъул Управлениялъул ва профсоюзалъул гIуцIиялъул рахъалдасан, гьенир кьуна дипломал ва къиматал сайгъатал.

*Джамиля ГIАБДУЛАХIИТОВА,*
*ИМЦялъул методист.*

## ГIисинал цIалдохъабазул конкурс

Лъайкьеялъул Управлениялъул хIукмуялда рекъон, районалъул лъайгун тарбия кьеялъул учреждениябазул гIисинал классазул лъималазда гьоркьоб (1-4кл) тIобитIараб конкурсалда гIахьаллъана 14 школалдаса цIалдохъаби. Расул ХIамзатов гьавуралдаса 95 сон тIубаялда хурхинабураб гьеб тадбир тIобитIиялъул мурадлъун букIана тIахьал цIалиялде лъималазул рокьи бижизаби, гьезул хъвадариялдегун сураталъ рахъиялде гьира базаби, рухIиябгун эстетикияб тарбия кьеялде




мугIалимзабазулгун умумузул кIвар буссинаби ва гь.ц.

Абизе ккола лъималаз ва мугIалимзабаз гIезегIанго хIалтIи гьабун бугоанин конкурсалде ритIулел материалазда тIад.

Берцинго къачIарал альбомазда рукIана лъималаз хъварал кучIдул ва махщалида рахъарал суратал.

Конкурс гIуц1ун букIана - **«ЛъагIалил хъвадарухъан»**, **«ЛъагIалил художник»**, **«ЛъагIалил редактор»** ва **«Кквералъ хъвараб т1ехь»** номинациябаздасан.

**«ЛъагIалил хъвадарухъан»** номинациялда бергьенлъи босана Ленинаул росдал №2 гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Сукайнат МухIамадовалъ, **«ЛъагIалил художник»** цIаралъе мустахIикълъана лицеялъул цIалдохъан ГIалиасхIаб Мутуев, **«ЛъагIалил редактор»** цIар щвана Дилим росдал гимназиялъул цIалдохъан Хадижат Шираевалъе.

**«Кквералъ хъвараб тIехь»** номинациялда тIоцебесеб бакI щвана Гуни росдал гимназиялъул цIалдохъабазе, кIиабилеб –ИчкIаялъул ва лъабабилеб – Хубаралъул цIалдохъабазе.

Призалъулал бакIал ккурал цIалдохъабазегун коллективазе гьенир кьуна РУОялъул грамотаби.

*Наида МУХIАМАДХIАБИБОВА,*
*ИМЦялъул методист.*

## Депутатгун дандчIваялда...



1 декабралда Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-п.) Д. Пумаханов дандчIвана Гертма росдал активгун.

Гьениб бицен ккана росдал избирателаз кьурал тIадкъаязда сверухъ гьабураб хIалтIул х1акъалъулъ.

***«Цере нилъер гIадамаз депутатасе кьурал тIадкъаял М.-п.(К.-п.) Д. ГIумахановас тIуразаруна. Гьедин, гьес кумек гьабуна спортзал къачIаялъе, цIияб ва къуватаб трансформатор лъеялъе, токил мухъ цIаялъе, канализациялъе кольцал чIезариялъе, росдал къватIазе ва бульдозералъе ремонт гьабиялъе»***, -ян бицана администрациялъул бетIер Зайнула Чалуховас ва гьес, росдал жамагIаталъул рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна М.-п.(К.-п.) Д. Пумахановасе.

***«Баркала буго дуе нижер спортзалалъе ремонт гьабизе ва гьелъие гугарухъабазул ковер щезабизе квербакъаралъухъ. ГьабсагIат нижее хIажат буго эркенаб гугариялъул тренерасул цо штат. Бокьилаан гьеб рахъалъги дуца кумек гьабизе»***,-ян абуна тренер Шамиль МухIамадовас.

ДандчIваялдаса хадув депутат щвана росдал цо-цо идарабазде. Гьенир ккарал гара-чIвариязда баянлъана ФАПалъул хинлъи чIезабиялъул системаялъул котел цIигьабизе кколебльи, лъималазул ахалда бакIал гIоларел рукIин ва гьелъие мина базе хIажат букIин (гьеб баялъе ракь администрациялъ бихьизабун буго), Дилим-Гертма шагьранух кколеб даражаялда цIуниялъе росдае бульдозер къваригIун бугеблъи.

М.-п.(К.-п.) Д. Пумахановас рагIи кьуна гьел суалал бетIералде рахъинариялда тIад хIалтIизе.

*С. АЛТУМИРЗАЕВ, депутатасул кумекчи.*

## Мавлид ах1иялъул тадбир



Мавлид ахIи - ц1али ккола Аварагасде (с. г1. с.) рокьи загьир гьабилъун.

Гьелъ, 28 ноябралда районалъул культураялъул Централъул, библиотекаялъул ва Цогояб информцентралъул хIалтIухъабаз, цадахъ рекъон, мавлид ах1иялъул тадбир т1обит1ана.

Гьенире гIахьаллъарал – Дилим росдал имам ХIабибурахIман МухIамадовас, динияб идараялъул вакилзаби: МухIаммад ИнагIабасовас, Исламудин Темирбулатовас ва Жамг1ияб палатаялъул председатель ХIажи Адимирзаевас гьениб бицана МухIаммад Авараг (с.г1.с.) гьавураб РабигIуль авваль моцIалъул хиралъиялъул, нилъеца кьолеб садакъаялъул, гьабулеб дуг1аялъул, Аллагь ва Авараг (с.г1.с) гIемер рехсеялъул бугеб кириялъул, Аварагасул (с.г1. с.) г1умруялъул бицен гьабиялъул, Гьесде свалат битIиялъул, буссурбабилъун нилъго ратиялдаса рохаралльун рук1иналъул ва шарг1алда рекъон хьвадиялъул бугеб пайдаялъул.

Гьединго, гьез гьениб бицана мавлид ц1али, гьеб ах1и кколеб бук1ин Аллагьасу нилъеде дин малъизе жив вит1арав Х1абибасул (с.г1.с.) сифатал лъазарилъун ва рицинлъун.

**«Аллагьас баракат лъеги гьаб мажлисалда данделъаразда ва гьелъие квербакъаразда. Къабул гьабеги нилъер г1ибадат»**, -ан абуна гьез к1алъаязул ахиралда.

Хадусан, Дилим росдал гIолилал –мутагIилзаби: ХIасанапанди Пусмановас, ГIабдула Гороевас, ИсмагIилов ХIосеница ахIана мавлид ва гьабуна дугIа-алхIам.

Бищунго рекIее асар гьабулеблъун букIана жеги 7 сон гурони гIумрудул т1убач1ев Лат1ипов Ражабил васас - МухIамадзагьидица гIараб мацIалда ахIараб назму.



ДанделъиялъулахиралдатIадехун рехсарал идарабазул хIалтIухъабаз бак1араб гIарцул цо къадар кьуна Иша-хи участокалдаса лъим бачиналъе.

*Асият ДИБИРОВА.*

## Спорт - инсанасул сахлъи

# «Жея, васал!» къецазда...

1 декабралда лицеялда т1обит1ана рагъулалгун спорталъул «**Жея, васал!**» абурал къецал. Физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва г1олилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул х1аракатчилъиялда т1обит1араб гьеб тадбиралда г1ахьаллъана армиялде ах1изе заман т1аде щолел г1олилал.

Спорталде рокьи бижизаби, цоцалъ гьудул-гьалмагълъи щула гьаби ва спорталъулъе г1олилал ц1ай мурадалда т1орит1арал гьел къецал г1уц1ун рук1ана -100м. рекери, ч1аралъусан к1анц1и, гиря борхи (16кг), автомат биххи ва бак1ари, турникалда ц1ай, кваридасан хари, лъабго нухалъ анц1-анц1 метралъ доре-нахъе рекери спортивиял тайпабаздасан.



**Гьел къецазда бергьенлъи босарал г1олилал:**

1. Арслан Х1усейнов (100м. рекери, Гуни росдал гимназия)
2. Мух1амадг1али Г1абдулмуслимов (турникалда ц1ай, лицей)
3. Ислам Висаев (ч1аралъусан к1анц1и, Ленинаул росдал №1 гьоркьохъеб школа)
4. Адам Г1амиев (кваридасан хари, Калининаул росдал гьоркьохъеб школа)
5. Бислан Ибиев (автомат биххи ва бак1ари, Ленинаул росдал №1 гьоркьохъеб школа)
6. Мух1амадг1али Г1абдулмуслимов (гиря борхи, лицей)
7. Г1абдула Мух1амадрасулов (3 нухалъ 10-10м доре-нахъе рекери, лицей)

**Бергьенлъи босарал командаби:**

1. Лицей.
2. Калининаул росдал гьоркьохъеб школа.
3. Ленинаул росдал №1 гьоркьохъеб школа

Призалъулал бак1ал ккуразе гьенир кьуна -кубокал, медалал, грамотаби ва къиматал сайгъатал.

*Эльдар МУХ1АМАДГ1АЗИЗОВ,*
*спорткомитеталъул бет1ерав специалист.*

## За незаконно срубленные деревья (ели, сосны) предусмотрена административная и уголовная ответственность



В связи с приближающимися Новогодними праздниками ГКУ «**Казбековское лесничество**» предупреждает население о том, что в соответствии с действующим законодательством Российской Федерации за незаконно срубленные деревья (ели, сосны) предусмотрена административная и уголовная ответственность.

Штрафные санкции согласно ст. 8.28. Кодекса об административных правонарушениях составляют:

-для граждан - от 3 тыс. до 3,5тыс. рублей за одно срубленное дерево; -для должностных лиц - от 20 до 30 тыс. рублей;

-для юридических лиц - от 50 до 100 тыс. рублей.

Если незаконная рубка была осуществлена на особо защитных участках леса (в черте, населенного пункта, вдоль рек, вдоль федеральных автодорог, и т.д.), то сумма ущерба удваивается. Кроме штрафов нарушители лесного законодательства обязаны возместить ущерб, причиненный лесному фонду.

Если сумма ущерба составляет 5 тыс. рублей и более, то эти действия влекут за собой уже уголовную ответственность (ст. 260 УК РФ).

В предновогодний период, чтобы защитить хвойные насаждения от самовольных порубок на территории лесного фонда, где они произрастают намечено проведение патрулирования, дежурство на постах ГИБДД.

Просим граждан информацию о незаконных рубках хвойных насаждений в предновогодний период передать работникам ГКУ «**Казбековское лесничество**» или позвонить по телефону -21-4-00.

*ГКУ «Казбековское лесничество».*

# Баркала администрациялъе

Г1емерал сонал рук1ана Калининаул росдал лъималазул ахалъул канализация х1алт1улеб гьеч1елдаса. Гьеб суал рук1алиде ккезабизе т1аде босана росдал администрациялъул бет1ер Х1ажи Х1ажиевас.

Харабазул аби буго «**Рак1 бух1ун г1одани, бецаб бадисаги маг1у чвахула**»,-ян. Къокъаб заманалда канализация гьабиялъул х1алт1и раг1алде бахъана. Лъималазул ахалъе нухмалъулей Зугьра Г1умаровалъги, ясли-ахалъул коллективалъги, гьит1ичазул умумузги Х1ажи Х1ажиевасегун гьесул кумекчаг1азе рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабулеб буго.

*Х. ВИСАИТОВ, Калининаул росу.*

# Военный комиссариат сообщает...

В ходе осеннего призыва на комиссию вызывались 318 чел. Явилось 318 чел.

Из них:

а) Годны к военной службе-260чел.

б) Годны с незначительными ограничениями-34чел.

в) Ограниченно годны-7чел.

г) Временно не годны-нет

д) Не годны-2чел.

е) Направлены на дополнительное обследование-нет.

ж) Представлены отсрочки-15чел.

з) Находятся в розыске-нет

и) Не явились на комиссию-нет

Задание для военного комиссариата Казбековского и Гумбетовского районов на отправку в войска- 21чел.

# Объявления

## Уважаемые жители района!

В рамках Петербургского международного экономического форума 16.08.2018 года подписано Соглашение о сотрудничестве между Республикой Дагестан и ПАО Сбербанк России о реализации на территории Республики Дагестан проекта «**Безналичный Дагестан**».

Реализация этого проекта предусматриваетоплату населением нашей республики безналичным путем посредством пластиковых карт через POS-терминалы за приобретенные товары в торговых точках, авто-заправочных станциях и за оказанные услуги в сфере образования, здравоохранения, жилищно-коммунального хозяйства, МФЦ.

Для реализации вышеуказанного проекта на территории МР «**Казбековский район**» отделом экономики, планирования и по организационным вопросам администрации МР «**Казбековский район**» составлен План мероприятий «**дорожная карта**» и создана рабочая группа. Данный проект нацелен на уменьшение наличного денежного оборота на территории нашей республики исоздание условий населению для оплаты товаров и услуг через пластиковые карты.

***Отдел экономики, планирования и по организационным вопросам администрации МР «Казбековский район».***

Утерянный аттестат А №0103744 о полном среднем образовании, выданный Гунийской средней школой в 1996 году на имя **Маликова Абдулмалика Дадаевича,** считать недействительным.

Буртунай росулъа Г1умаханов Насрулал (Нади) билун буго баг1араб кьералъул, мугъзада лажбаралъ г1уж гьабураб ва т1огьиса рач1 хъах1аб г1ака. Гьеб бихьаразде яги бугеб бак1 лъалезде гьари буго гьаб номералде **8(989) 471 05 32** к1алъаян.

Выпускники 1966 года Ленинаульской средней школы выражают глубокое соболезнование родным и близким в связи с кончиной **Шайхалида Талибова.**

*Бетlерав редактор:*
*Мухтар Гlалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*Хlалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Асият Дибирова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №168 Тираж 1300*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*